

Elch Enfòmasyon #12

Mobilite Chwa



Yon fwa pwopriyete a konvèti, rezidan pi fò pwopriyete yo pral gen nouvo opsyon “Mobilite Chwa”, ki pral pèmèt rezidan an mande yon kupon ke fwaye a ka itilize pou aplike asistans lwaye HUD a yon inite lwaye li chwazi sou mache prive lokasyon an.



Kisa Mobilite Chwa a ye?

Aprè yon pwopriyete lojman fin konvèti atravè RAD, ou ka gen yon pi gran chwa nan kote pou viv atravè opsyon “Mobilite Chwa” a. Mobilite Chwa ba ou dwa pou mande yon kupon lokatè apre ou viv nan pwopriyete a pandan omwen youn oswa de ane. Yon kupon lokatè pèmèt ou lwe lojman sou mache prive lokasyon an. Avèk kupon sa a, ou ka chwazi kite pwopriyete ou genyen kounye a si ou bezwen ale pi pre fanmi w, yon travay, lekòl oswa pou nenpòt lòt rezon, padan w ap kontinye benefisye sibvansyon lwaye a.

Nan ka limite yo, sèten pwopriyete lojman piblik ki te konvèti atravè RAD pa gen opsyon mobilite chwa paske PHA pa gen yon pwogram kupon. Ou ta dwe diskite sa avèk PHA w la.



Kilè Mwen Elijib pou Mande yon Kupon Lokatè?

Sa depan de tip sibvansyon pwopriyete a itilize apre konvèsyon RAD la:

- Si pwopriyete a itilize **Kupon ki Baze sou Pwojè (PBV)**, rezidan yo ka mande yon kupon lokatè apre yo viv nan pwopriyete a pandan **1 ane apre li vin RAD/ Seksyon 8**.
- Si pwopriyete a itilize **Asistans ki Baze sou Pwojè (PBV)**, rezidan yo ka mande yon kupon lokatè apre yo viv nan pwopriyete a pandan **2 ane apre li vin RAD/ Seksyon 8**.



QKisa ki Pase Apre Mwen Mande yon Kupon?

Rezidan ki mande yon kupon lokatè nan men PHA pral gen priyorite pou pwochen kupon PHAki disponib. Ou p ap bezwen ranpli tout yon aplikasyon Seksyon 8 epi ou pral kapab mande yon kupon menm si lis datant Seksyon 8 la fèmen.



Kijan Koupon Lokatè yo Fonksyone?

Avèk yon koupon lokatè, ou ka chwazi pou lwe yon apatman sou mache prive a avèk èd HUD. Si lwaye pou apatman an rezonab epi yon enspeksyon apatman montre apatman an satisfè nòm kalite lojman HUD yo, [PHA] pral apwouve apatman an.

Yon fwa li apwouve, (1) ou siyen kontra lwaye a avèk pwopriyetè epi w peye anviwon 30% revni w pou lwaye a, (2) epi PHA siyen yon kontra avèk pwopriyetè a pou peye diferans ant lwaye ou peye a ak total lwaye pou inite a.



Ki Kote m Ka Viv Avèk yon Koupon Lokatè?

Avèk yon koupon lokatè, ou ka lwe yon apatman nan rejyon PHA w la, oswa ou ka chwazi lwe yon apatman nan yon lòt pati nan peyi a kote yon lòt PHA ap jere yon pwogram koupon. Kapasite pou lwe andeyò rejyon PHA w la rele pòtabilite. Ou ka aprann plis sou pòtabilite koupon an lè w ale sou [paj wèb pòtabilite HUD](#) a epi w li [Manyèl Koupon Chwa Lojman sou Demenajman ak Pòtabilite](#).

Lè w chwazi yon nouvo kote pou viv avèk yon Koupon lokatè, ou ka panse a bagay tankou kalite lekòl pou pitit ou yo, aksè a transpò piblik, ak kapasite pou w ale nan espas travay yo epi retounen.



Èske PHA Obligatwa pou Ban Mwen yon Koupon Lokatè?

Wi, menm si ou kapab gen pou tann PHA a genyen yon koupon disponib pou l ba ou. Po emèt koupon yo atravè mobilite chwa, PHA itilize koupon ki vin disponib ofiamezi lòt fanmi ap sispann itilize yo. Epi tou, PHA ka adopte sèten limit nan kantite koupon li itilize pou mobilite chwa. Pou enfòmasyon espesifik, konsilte PHA w la. (PHA i pa gen yon pwogram koupon yo p ap gen yon opsyon mobilite chwa.)



Chicago, IL: Yon rezidan nan yon konplèks aptman Fannie Emmanuel ki fèk renove.